

CHAPIT 5

Fè prevansyon kont enfeksyon

Nan chapt sa a:


Prevansyon kont enfeksyon konn sove lavi	49
Se mikwòb ki lakòz enfeksyon	49
Fason mikwòb antre nan kò moun	50
Wete mikwòb pou anpeche enfeksyon.....	52
Lave men w epi mete abiman ki ka pwoteje kò w.....	53
Lave men w souvan	53
Pwoteje tèt ou kont enfeksyon	56
Mete gan.....	54
Lave kote akouchman an ap fèt ak sa k sou kabann nan	57
Lave kote akouchman an ap fèt	57
Lave e esterilize sa k sou kabann nan ..	58
Lave epi esterilize zouti yo	59
Mete zouti w yo tranpe	59
Bouyi.....	62
Lave zouti w yo.....	59
Vapè	62
Esterilize zouti w yo.....	59
Itilize pwodui chimik	63
Mete nan fou	61
Ekipman ki bezwen swen espesyal	65
Presto.....	61
Jete dechè ak prekosyon	67
Antere dechè	68

FÈ PREVANSYON KONT ENFEKSYON



Prevansyon kont enfeksyon konn sove lavi


Enfeksyon fè moun malad e li ka memm touye yo. Se youn nan pi gwo kòz lanmò tibebe apre akouchman. Pwosedi kote yo mete zouti anndan matris yon fi (tankou sterilè (IUD) oswa ponp aspiratè alamen (MVA)) ka lakòz enfeksyon, Pifò travay yon fanmsaj fè, oubyen nenpòt pwosedi ki fèt anndan matris la, yo ka fèt san danje sèlman si w suiv metòd nou bay nan chapit sa a sou kòman pou w anpeche enfeksyon.



Mikwòb ka rete
sou zouti,
menmsi yo
sanble yo pwòp.

Chapit sa esplike kòman pou fè prevansyon kont enfeksyon lè w detwi oswa metrize mikwòb.

Mikwòb se jèm ki pote maladi. Mikwòb tout kote, men yo tèlman piti se nan mikwoskòp sèlman w ka wè yo. Mikwòb ki danjere ki nan san, nan poupou, nan likid ki sot nan kò moun (tankou espèm ak dlo amnyotik), ak nan salte, you tout ka lakòz maladi grav lè yo antre nan kò moun.



Mikwòb viv nan likid ki sot nan kò moun,
tankou san.

SE MIKWÒB KI LAKÒZ ENFEKSYON

Kèk maladi, tankou rimatis, dyabèt (maladi sik), as (wopresyon), ak epilèpsi (malkadi, maladi kriz tonbe), se pa mikwòb ki lakòz yo. Yon moun pa ka bay yon lòt moun maladi sa yo.

Lòt maladi, tankou saranpyon, epatit, tetanòs, enfeksyon nan matris, VIH/SIDA, ak grip, yo rele yo enfeksyon, e se mikwòb ki bay yo. Moun tonbe malad lè mikwòb sa yo ki bay enfeksyon antre anndan kò yo.

Fason mikwòb antre nan kò moun

Mikwòb ka antre nan kò moun plizyè fason.



Gen mikwòb ki antre pa mwayen espèm oubyen likid nan vajen lè moun fè sèks. Pa egzanp, maladi ki ka simaye konsa se VIH ak lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks tankou klamidya ak ekoulman.



Gen mikwòb ki antre pa mwayen san lè san an oswa likid ki nan kò moun ki enfekte a antre nan yon blese oswa nan po yon lòt moun, tankou avèk yon zegui ki fin sèvi pou pèse (zorèy) oswa pou bay piki. VIH/SIDA, epatit B, ak epatit C ka simaye konsa tou.



Gen mikwòb ki viv nan dlo sal epi yo antre lè moun bwè dlo a. Se konsa kolera ak dyare simaye.



Gen mikwòb ki viv nan salte, sou po, oswa nan lè a, men yo pa danjere sòf si yo antre nan san yon moun. Mikwòb sa yo ka antre nan san an lè yo itilize yon zouti ki gen mikwòb sou li anndan yon matris, pou koupe po a, oswa pou koupe kòd lonbrik la. Se konsa tetanòs ak enfeksyon nan matris ka simaye.



Gen mikwòb ki simaye pa mwayen lè a lè yon moun ki malad touse oswa estènen. Grip ak tibèkiloz ka simaye konsa.

Fè moun ki malad rete lwen kote akouchman ap fèt

Yon bagay ki trè senp fanmsaj ka fè pou anpeche enfeksyon se pa kite moun malad rete kote ki gen fi ki ansent oswa fi k ap akouche. Nenpòt moun ki gripe, k ap touse, ki gen lafyèv, oswa ki gen lòt maladi ki simaye pa mwayen mikwòb, fè yo rete lwen kote gen akouchman. Epi, pa janm kite yon moun ki gen yon maleng nan men yo oswa nan figi yo touche yon bebe.





Si w malad men w oblige asiste akouchman an, ou ka kouvri bouch ou ak nen w ak yon mouchwa, ak yon twal pliye, oswa ak yon mas. Lave men w souvan epi kouvri bouch ou lè w estènen ak lè w touse. Asire w ou lave men w chak fwa w fin estènen epi chak fwa w fin touse. Fè efò pou w pa touche bebe a twòp.

Nenpòt moun ka gen mikwòb sou li

Nou pa toujou konnen si nou gen yon enfeksyon. Ou pa ka konnen ki mikwòb yon moun genyen lè w gade l sèlman. Gen moun ki pote mikwòb nan san yo oswa nan lòt likid ki nan kò yo san yo pa parèt malad.

Men meyè pwoteksyon an: pou evite simaye enfeksyon tankou epatit ak VIH/SIDA, moun k ap travay nan domèn swen sante a dwe fè kòmsi se tout moun ki gen mikwòb danjere nan nenpòt likid ki nan kò yo. Men ki jan yo ka anpeche mikwòb simaye:

- Mete gan ak rad ki pwoteje yo pou anpeche san ak lòt likid tonbe sou yo oubyen sou lòt moun.
- Lave epi esterilize zouti y ap itilize pandan akouchman an oubyen pandan lòt pwosedi.



Note sa: Lè yon moun gen yon bon sante sa ede l evite enfeksyon. Manje byen, repoze byen, epi pran swen tèt ou nan domèn santimantal ak nan domèn espirityèl, tout se bagay ki enpòtan pou pèmèt yon moun rete an sante. Pafwa, bagay sa yo sifi pou pèmèt yon moun lite kont mikwòb ki antre nan kò l, konsa li pa tonbe malad.

Men, pandan akouchman oubyen lòt pwosedi medikal, piske kò fi a pi ouvè, li pi fasil pou li pran enfeksyon. Lè sa a bon sante sèman pa sifi. Mikwòb ki nòmalman pa antre anndan kò l ka tonbe nan matris la. Nenpòt ti blese nan kò a fè moun pi fasil pran enfeksyon paske se po a ki pou anpeche mikwòb antre anndan kò a. Menm yon piki ka lakòz enfeksyon si sereng nan gen mikwòb sou li.

Wete mikwòb pou anpeche enfeksyon

Men metòd de baz pou anpeche enfeksyon.



Lave men w epi mete abiman ki ka pwoteje kò w.

Lave men w souvan epi mete abiman ki ka pwoteje w pou anpeche mikwòb simaye soti sou yon moun ale sou yon lòt, epi pou w anpeche mikwòb antre sou tèt pa w (gade paj 53).



Lave kote akouchman an ap fèt ak sa k sou kabann nan.

Lave kote akouchman ak egzamen yo ap fèt pou mikwòb ka rete lwen (gade paj 57).



Lave epi esterilize zouti yo.

Lave zouti yo epi esterilize yo pou w ka detwi nenpòt mikwòb ki sou yo (gade paj 59).



Jete dechè... men, avèk atansyon.

Fè atansyon kote w jete dechè yo yon fason pou anpeche moun nan zòn nan tonbe malad akòz mikwòb ki nan dechè yo (gade paj 67).

Sonje sa: Enfeksyon ka gaye pi vit lè yon pwofesyonèl lasante ap okipe plizyè moun. Pa egzanp, si men l pa pwòp oswa zouti l pa esterilize, l ap pase mikwòb soti nan yon fi ale nan yon lòt, epi yon lòt, epi yon lòt. Se poutèt sa, yon fi ki akouche nan yon lopital oswa nan yon sant pou akouchman kote ki gen anpil lòt medam gen plis chans pou yo fè enfeksyon pase fi ki akouche lakay yo.

Adapte liv sa a selon sa k ap pi bon pou ou a

Chapit sa a gen anpil enfòmasyon an detay konsènan kesyon anpeche enfeksyon. Tout enfòmasyon sa yo enpòtan, men gendwa se pa yo tout ki posib. Se ou menm ki pou deside kiyès ladan yo w ap ka aplike, oubyen ki jan w ka adapte enfòmasyon an selon sitiayson pa w la.



Lave men w epi mete abiman ki ka pwoteje kò w

LAVE MEN W SOUVAN

Lave men w se youn nan bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou w anpeche enfeksyon. Li anpeche w simaye mikwòb bay lòt moun, nitou li pwoteje tèt pa w kont mikwòb. Menmsi w pa ta fè okenn lòt bagay kòm pwoteksyon kont enfeksyon, fò w lave men w.

Lave men w ak savon ak dlo pwòp. Si w pa gen savon, ou ka sèvi ak sann dife (men pa sèvi ak tè). Asire w ou rense tout kras savon an oswa sann nan. Lè w lave men w, e sitou lè ou rense yo, sèvi ak dlo pwòp k ap koule (vide) olye w mete men w nan dlo ki chita nan kivèt. Lè w lave men w nan kivèt, mikwòb ki sot sou men w tonbe nan dlo a, epi y ap retounen kole nan men w ankò.



Lave men w chak fwa w pral touche kò yon fi. Epi, lave men w ankò lè w fin touche l, oswa chak fwa w fin touche yon bagay ki gen san l oswa lòt likid ki soti nan kò l (tankou plasenta a) ladan l. Lave men w ni anvan w mete gan ni apre w retire gan an. Si w ap ede plizyè fi anmenmtan, takou nan yon lopital, li enpòtan pou w lave men w chak fwa w fin ede youn epi anvan w ede yon lòt.

Lè w lave men w kòmsadwa, sa ap retire pifò mikwòb. Men, gendelè ou dwe lave men w pandan 3 minit ann antye epi byen dekrase anba zong ou pou w ka retire plis mikwòb.

Teknik pou lave men w pandan 3 minit la


Anvan w kòmanse, retire bag, braslè, ak tout lòt bijou.

1. Lave men w epi ponyèt ou avèk savon ak dlo pwòp.



Rive jis
anwo nan
koud
ponyèt
ou.

2. Asire w ou byen foubi nan mitan dwèt yo.




3. Si w gen yon bwòs pwòp, dekrase anba zong ou yo.



4. Kontinye fwote, brose, epi lave men w pandan 3 minit!

Pase
pifò tan
an nan
men yo.



5. Rense avèk dlo pwòp k ap koule.



6. Kite men w seche nan lè olye w itilize yon sèvyèt. Pa manyen
anyen
jiskaske
men w fin sèch.



Toujou lave men w pandan 3 minit...

...anvan w:

- touche vajen manman an
- egzamine basen manman an
- akouche bebe a
- koud yon dechir
- mete yon esterilè (IUD)
(gade Chapit 21)
- fè yon kitaj (gade
Chapit 23)

...apre w:

- fin netwaye apre akouchman an
- manyen san oswa lòt likid ki soti
nan kò moun
- pipi oswa poupou



Alkòl ak gliserin pou lave men


Si w pa gen dlo pou lave men w, ou ka fè yon pwodui senp pou sa. Si w itilize 1 korèkteman, pwodui a ap detwi pifò mikwòb ki sou men w yo.

Melanje 2 mililit gliserin avèk 100 mililit alkòl etil oswa izopwopil ki ant 60% a 90%.

Pou w lave men w, fwote anviwon 5 mililit (1 tikiyè) pwodui a nan men w. Asire w ou lave nan mitan dwèt yo ak anba zong ou. Kontinye fwote jiskaske men w yo fin sèch. Pinga w ni rense men w ni siye yo ak twal.

Dlo pwòp


Atravè liv sa a nou pale sou jan l enpòtan pou w lave ni men w ni zouti w yo. Men, dlo w ap itilize a dwe pwòp pou l ka itil. Anvan w fè yon akouchman, si dlo nan zòn nan konn gen mikwòb ladan l, li dwe bouyi anvan w lave men w oswa zouti w yo avè l.



METE GAN

Gan ki fêt avèk latèks oswa plastik ka pwoteje medam yo kont nenpòt mikwòb k ap kache anba zong ou oswa sou po w. Epitou, yo pwoteje w kont enfeksyon. Sèvi ak gan ki pwòp chak fwa w ap manyen pati jenital yon fi, oswa lè w touche san oubyen lòt likid ki nan kò l.

Si w ap fè nenpòt pwosedi anndan kò l, oswa si w ap manyen zouti ki deja esterilize, ou dwe sèvi ak gan ki esterilize.



Gan sachè plastik

Si w pa gen gan, sèvi ak sachè plastik ki te lave ak savon dezenfektan. Sachè pi difisil pou itilize pase gan, men li pi bon olye pou w pa itilize anyen. Nan rès liv la, n ap pale de gan sèlman. Men ou mèt **utilize sachè plastik si w pa gen gan**.



Ki jan pou w mete gan ki esterilize

1.



Ouvri pake a san w pa touche gan yo. Pa touche deyò gan esterilize a ak men w, osinon li pap esterilize ankò.

2.



Lave men w avèk atansyon. Kite yo sèch nan lè poukont yo.

3.



Gan yo ta dwe tou pliye nan pwayè kote pou w rantre men w lan. Pran gan an sou anndan kote ki pliye a epi glise men w anndan l. Pa touche deyò gan an.

4.



Bouje men w pou l ka antre nan gan an pandan w ap rale gan an desann avèk dwèt lòt men an pa anndan an.

5.



Pran dezyèm gan an lè w fouye men ki gen premye gan an anba kote ki pliye a.

6.



Lè w fin mete toude gan yo, pa touche anyen ki pa esterilize, osinon gan yo pap esterilize ankò.

Fè pratik ak menm pè gan sa a plizyè fwa ankò jiskaske w ka fè l alèz.

Sonje sa:

Si w lave men w trè byen...



...epi w mete gan ki esterilize...



...apre sa w grata tèt ou...



...gan an pa esterilize ankò!

Natirèlman, lè w manyen yon fi, w ap mete mikwòb sou gan an, men pinga w simaye mikwòb soti yon kote nan kò l mete yon lòt kote. Pa egzanp, si w manyen twou dèyè l ki gen anpil mikwòb, pinga w mete men w anndan vajen l avèk menm gan an. Mikwòb ki soti nan twou dèyè l la ka fè yon fi malad si yo antre nan vajen l oswa nan matris li.

Apre w fin sèvi ak yon pè gan yon fwa, voye l jete, oswa esterilize yo anvan w sèvi avè yo ankò (gade paj 66).

PWOTEJE TÈT OU KONT ENFEKSYON

Fanmsaj dwe pwoteje tèt yo kont mikwòb ak enfeksyon. Ou pap ka ede medam yo si w malad. Epitou, si w kontamine ak vye mikwòb, ou ka fasilman simaye yo bay medam w ap eseye ede yo.

Kèk nan mikwòb ki ka bay maladi ki danjere anpil tankou SIDA ak epatit B viv sèlman nan san, pipi, poupou, sak dlo a, ak lòt likid ki nan kò moun. Sa vle di, ou pap pran maladi sa yo senpleman lefètke w manyen yon moun sou po l. Men, mikwòb ki bay SIDA ak epatit B ka enfekte w si san moun ki gen maladi a antre nan yon blese oswa nan nenpòt kote ki ouvri nan po w, menmsi se yon ti blese ki sitèlman piti ou pa ka wè l (gade paj 99 pou w wè tout jan VIH kapab pwopaje). Pa kite san ak lòt likid ki soti nan kò moun tonbe sou rad ou oubyen kò w, e si yo tonbe sou w, lave kote a san pèdi tan avèk savon ak dlo.

Mete abiman k ap pwoteje w

Ou pa bezwen abiman ki chè pou w anpeche likid vole sou kò w, nan blese w, oswa nan bouch ak nan je w. Ou ka senpleman mete yon tabliye oubyen lòt chemiz pou dlo pa vole sou w. Pwoteje je w ak linèt oswa linèt pwotèj (tankou sa chofè taksi yo konn mete). Kouvri pye w pou w pa pile san oswa lòt likid.

Lave tout rad ki sou ou apre san, dlo oswa lòt likid ki soti nan kò moun tonbe sou yo. Si dlo ki soti nan kò moun tonbe nan je w oswa bouch ou, rense yo pandan plizyè minit avèk dlo pwòp oubyen dlo sèl.



Si w pa gen abiman ki fèt pou pwotèje w kont san ak lòt likid, ou ka fè yo avèk sa w déjà genyen yo.


Fè atansyon ak zegui

Si yon sereng te sèvi pou l bay piki, oswa yon zegui te sèvi pou koud yon dechiri nan vajen an, zegui a gen san ladan l. Si zegui sa a pike w pa aksidan, mikwòb ka enfekte w. Lè w kenbe yon zegui, pa kite tèt li bay sou w. Pa kite zegui ap drive atè.

Itilize chak zegui yon sèl fwa, apre sa voye l jete nan yon bwat tankou sa ki nan paj 68 la. Ou ka jwenn zegui ki fèt pou sèvi yon sèl fwa, ki pa gen yon bouchon. Si w oblige itilize yon zegui yon lòt fwa ankò, mete bouchon an sou li avèk atansyon, apre sa mete l nan yon bokit ki gen dlo pwòp melanje ak klowòks (gade paj 57) jiskaske w pare pou w lave l epi esterilize l.

Ki jan pou w evite pike tèt pa w ak zegui


Pa sèvi ak men w pou w mete bouchon an sou zegui a.



Depreferans, sèvi ak zegui a pou w pran bouchon an.



Apre sa, pouse bouchon an pou w ka fèmen l nèt.




Note sa: Si yon zegui pike w pa aksidan, lave kote a imedyatman avèk dlo ak savon, oubyen avèk alkòl, epi jete zegui a kòrèkteman (gade paj 67 ak 68). Pa itilize menm zegui a pou yon lòt moun.

Lave kote akouchman an ap fèt ak sa k sou kabann nan

LAVE KOTE AKOUCHMAN AN AP FÈT

Lakay

Youn nan rezon ki fè akouchman oswa pwosedi medikal ka fèt an sekirite lakay yon fi, menm jan ak nan yon lopital, se paske yon kay ki pwòp pa gen tout kantite mikwòb ki gen nan yon lopital. Men, kay la dwe toujou pwòpte ak anpil atansyon, sitou kote pitit la pral fèt la oswa kote w pral fè pwosedi tankou egzamen basen oswa mete esterilè.



Bale tout pousyè ak salte ki atè a, epi lave tout sifas yo avèk dlo ak savon. Mete zouti w yo ak materyèl pou akouchman an yo sou yon bagay ki pwòp.

Mete tout bêt deyò kay la epi pinga w fè okenn pwosedi medikal kote bêt konn kouche oswa poupou, ni kote moun konn pipi oswa poupou. Si atè kay la fèt ak fimye (poupou bêt), pa kite kò fi a ni okenn nan zouti w yo touche atè a. Fimye (poupou bêt) gen anpil mikwòb ladan l ki ka enfekte fanm ansent byen fasil. Ou ka kouvri atè a avèk bagay ki pwòp tankou pay, twal, oswa plastik.

Nan yon lopital, sant matènité, oswa dispansè

Pran anpil prekosyon. Mikwòb ka soti sou yon moun pou ale sou yon lot fasilman.

Apre chak akouchman, lave atè a ak tout sifas yo. Si posib, lave atè a ak dlo klowòks (sodyòm ipoklorit).

Ki jan pou w fè yon dlo klowòks ki gen 5% klowòks

Si klowòks la di li gen:

5% klowòks ladan l:



utilize klòrks san melanj, san dlo

10% klowòks ladan l:



mete 1 mezi klowòks

15% klowòks ladan l:



mete 1 mezi klowòks




avèk 2 mezi dlo

Prepare kantite w ap bezwen pou yon jou sèlman. **Pa sèvi avè I nan demen.** Li pap ase fò pou l detwi mikwòb ankò.

Si w pa gen klowòks, ou ka lave atè a avèk pwodui sa yo:


- Etanol (alkòl medikal) 70%
- Alkòl izopropil 70%
- Pewoksid idwojèn 6%
- Dlo fab
- Amonya (Men, pinga w janm melanje klowòks avèk amonya. Lè yo melanje yo tounen pwazon



LAVE E ESTERILIZE SA K SOU KABANN NAN

Lakay


Lave dra ki kouvri kabann nan avèk dlo ak savon, epi tann li nan solèy oswa repase l pou seche l. Pa tann dra atè, l ap ranmase mikwòb.



Nan lopital, sant matènité, oswa dispansè

Sa k kouvri kabann nan dwe esterilize apre chak akouchman. Itilize youn nan metòd sa yo pou detwi mikwòb yo:

- Lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon. Apre sa, bouyi yo pandan 30 minit. Byen seche yo yon kote ki pwòp.
- Lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon. Apre sa, seche yo avèk yon fè repase ki byen cho.



Si youn nan metòd sa yo pa posib, lave tout bagay sou kabann nan avèk dlo ak savon epi tann yo nan solèy jiskaske yo byen sèch. Vire yo yon fason pou solèy la klere toude bò yo, epi fè atansyon pou yo rete pwòp.

Sere tout bagay ki pou kabann nan pou yo pa pran mikwòb


Si w pap itilize bagay ki pou kabann nan tousuit, kenbe yo pwòp epi sèch jiskaske w prè pou w itilize yo. Mete yo nan yon sachè ki pwòp oswa double yo nan yon papye ki pwòp epi sere yo yon kote ki sèch e ki pwòp.

— **Note sa:** Pa sere bagay kabann yo si yo mouye toujou, pou mikwòb yo pa tounen.

Lòt kalite bagay pou mete atè a

Pafwa, pa gen ni kabann ni dra pou akouchman an. Lè konsa li oblige fèt atè a. Nan yon ka konsa, li bon pou w jwenn lòt bagay pou mete atè a. Sa pral pwoteje bebe a ak manman l kont mikwòb ak salte ki atè a.

Chèche yon jan pou w lave bagay sa yo anvan yo sèvi. Pa egzanp, ou ka lave fèy bannann ak yon melanj dezenfektan epi pase yo sou dife oswa seche yo nan solèy. Oubyen, ou ka bouyi epi seche ranyon ak moso sak.



Lave epi esterilize zouti yo

Tout zouti ki sèvi nan yon akouchman, egzamen, oswa pwosedi dwe lavi epi esterilize. Lavaj ak esterilizasyon zouti yo detwi mikwòb yo. Sa pwoteje medam yo kont maladi.

1. METE ZOUTI W YO TRANPE

Zouti ki fin sèvi dwe tranpe pandan omwen 20 minit nan yon melanj klowòks (gade paj 57).

2. LAVE ZOUTI W YO

Tout zouti ak ekipman w itilize nan yon akouchman oswa lòt pwosedi dwe lave. Lave yo byen apre chak akouchman; sèvi ak bwòs pou w retire tout kras san oswa salte ki nan fant oswa ki nan kwen zouti yo. Foubi tout kote ki wouye, epi jete tout zouti ki pa file oswa ki gen domaj. Pou w pwoteje tèt ou, mete gan ki pwès pandan w ap lave zouti yo.

Apre tout bagay fin lave, tout zouti ki konn sèvi anndan kò moun dwe esterilize pou touye mikwòb yo.



Lave tout salte ki sou zouti w yo avèk anpil atansyon.

3. ESTERILIZE ZOUTI W YO

“Esterilize” vle di detwi tout mikwòb ki sou yon bagay. Si zouti w yo esterilize, yo pap simaye mikwòb bay medam w ap pran swen yo pandan w ap itilize yo. Sa ap pwoteje medam yo kont enfeksyon.

Ki sa sa vle di lè nou pale de “esterilize”?

Esterilize vle di detwi **tout** mikwòb ki ka lakòz enfeksyon. Pou w esterilize yon zouti, ou dwe sèvi ak yon fou oswa yon presto.


Dezenfekte vle di detwi **pifò** mikwòb ki ka lakòz enfeksyon. Gen kèk savon ak pwodui netwayaj ki rele “dezenfektan.” Men, pou dezenfekte zouti ak aparèy medikal, ou pa ka jis lave yo avèk savon dezenfektan. Ou dwe bouyi yo, sèvi ak vapè, oswa tranpe zouti yo nan dezenfektan ki gen pwodui chimik. Dezenfekte yon bagay konsa rele Dezenfekte Wo Nivo (DWN).

Tout pwosedi yo bay nan liv sa a kapab fèt san danje avèk zouti ki swa esterilize oubyen DWN. Pou pi senp, n ap jis sèvi avèk mo “esterilize” a nan tout liv la. Sepandan, chak fwa nou di yon zouti dwe esterilize, sa vle di li ka esterilize **oswa** DWN.


Ou dwe esterilize tout bagay ki pral antre anndan kò yon fi, ki pral sèvi pou koupe po l, oswa ki pral sèvi pou koupe kòd lonbrik la apre akouchman an.

Esterilize bagay sa yo:

- sereng ak zegui (piki)
- sizo oswa jilèt ki pral koupe kòd lonbrik la
- materyèl pou koud dechiri
- klanps oswa emostat
- gan
- twal gaz
- twal konprès
- sereng ak aspiratè ki fèt pou ranmase glè
- tib esterilè (gade paj 420)
- espekilòm, nan kèk ka



Note sa: Ou pa oblige esterilize zouti ki pral sèvi deyò kò moun. Estetoskòp, santimèt, ak aparèy pou pran tansyon dwe rete pwòp men yo pa bezwen esterilize.



Lè w esterilize yon zouti, mikwòb ki sou li yo mouri, konsa w ka itilize l san danje. Men, si zouti a touche ak nenpòt ki bagay (tankou kabann nan, tab la, oswa ou menm!), li pa esterilize ankò. Mikwòb ki te sou bagay li touche a rete sou zouti a, e mikwòb sa yo ka lakòz enfeksyon lè w sèvi ak zouti a.


Nan paj apre yo nou eksplike 5 diferan fason pou w esterilize zouti: fou, presto, bouyi, vapè, ak pwodui chimik. Se fou a ak presto a ki pi bon paske yo detwi pifò mikwòb. Si w pa ka sèvi ak youn nan 2 metòd sa yo, ou mèt itilize lòt metòd yo: bouyi, vapè, oswa pwodui chimik. Itilize metòd ki pi bon pou ou a.



ATANSYON! Si w pa ka esterilize zouti w yo, pa sèvi avè yo. Zouti ki pa esterilize fè plis domaj ke byen.

Mete nan fou

Itilize fou pou esterilize zouti metalik epi fil ki pral mare kòd lonbrik la. Pa mete zouti kawoutchou oswa zouti plastik nan fou, paske y ap fonn.



Lave epi rense tout zouti yo byen, apre sa mete yo nan 4 kouch twal oswa papye pwès. Vlope enstriman yo anndan twal la epi mare l sere.

Mete pake zouti a oswa fil la nan yon veso oubyen nan yon kaswòl.



Mete l nan fou ki regle pou 170°C (340°F) epi "kuit" li pandan 1 èdtan.


L ap pran yon tikras plis tan pase lè w kuit pòmdetè oswa patat nan fou. Si w pa ka fè fou a ase cho, kuit yo pandan plis tan.

Kite pake a rafredi, apre sa sere l yon kote ki pwòp e ki pa mouye.

Presto

Sèvi avèk presto pou esterilize zouti metalik, zouti ki fèt ak kawoutchou, oswa ekipman plastik.

Gen klinik ak lopital ki gen yon machin espesyal pou esterilize ki rele otoklav. Yon otoklav se yon machin ki sèvi avèk presyon ak vapè pou esterilize enstriman. Si w gen yon presto ou ka esterilize zouti w yo menm jan ak yon otoklav.



Mete dlo ak yon ti pànye nan presto a. Mete zouti yo nan ti pànye a, fèmen presto a, epi mete l sou dife pou l bouyi.

Lè l kòmanse byen bouyi, kite l bouyi sou 15 a 20 liv presyon pandan 20 minit.

Apre zouti yo fin esterilize, kite yo seche. Pa manyen yo, osinon yo pap esterilize ankò.

Sèvi avèk pens, pikèt bwa, oswa kiyè ki esterilize pou retire zouti yo nan chodyè a. Mete yo dirèkteman nan yon vesò ki esterilize. Sonje, si zouti a touche nenpòt ki bagay, menmsi se men w, li pa esterilize ankò.



Kite zouti yo seche nan vesò esterilize a. Kouvri vesò a avèk yon twal oswa avèk yon papye ki esterilize pou pousyè pa antre.




Lè zouti yo fin sèch, mete kouvèti a sou vesò a epi fèmen l byen di avèk adezif oswa ak kèk lòt materyèl pou evite mikwòb antre ladan yo.

Bouyi

Pou esterilize yo, bouyi zouti ki fèt ak metal oubyen ak kawoutchou, ekipman plastik (takou sereng pou rale glè), avèk twal.

Apre w fin lave epi rense zouti yo, kouvri yo avèk dlo epi bouyi yo pandan 20 minit.

Kòmanse konte minit yo apre dlo a kòmanse bouyi.




Sèvi avèk pens, pikèt bwa, oswa kiyè ki esterilize pou retire zouti yo nan chodyè a. Mete yo dirèkteman nan yon vesò ki esterilize. Sonje, nenpòt sa w manyen pap esterilize ankò.

Vapè

Sèvi ak chodyè/bonm vapè pou esterilize zouti metalik, gan, ekipman plastik, ak lot zouti. Yon chodyè/bonm vapè gen 3 pati ki kole byen sere youn ak lòt: yon chodyè/bonm anba pou mete dlo a bouyi, yon chodyè/bonm nan mitan ki gen twou anba l, epi yon kouvèti.

Bouyi yon ti dlo nan chodyè/bonm ki anba a. Mete zouti yo nan chodyè/bonm ki gen twou yo. Kouvri l avèk kouvèti a.

Kite l pran vapè dlo k ap bouyi a pandan 20
Kòmanse konte 20 minit la lè dlo a kòmanse



Metòd bonm vapè a



Tann zouti yo sèch, apre sa sèvi avèk pens esterilize pou w retire zouti yo nan chodyè a pou mete yo nan yon vesò esterilize, epi fèmen vesò a byen sere.


Metòd vapè a itilize mwens dlo pase metòd bouyi a, epi zouti ki esterilize nan chodyè vapè a pa ni deranje ni kase vit tankou sa ki bouyi yo.

Yon metòd peyi Filipin

Misyon Medikal Mè nan peyi Filipin (Les Soeurs Des Mission Medicale des Phillipines) te developpe yon metòd vapè pou esterilize zouti:



1. Mete zouti pwòp yo nan yon kabare metalik.
2. Mete kabare a nan yon kaswòl.
3. Mete dlo nan kaswòl la jiskaske dlo a rive nan mwatye kabare a.
4. Kouvari kaswòl la avèk 8 kouch fèy bannann vèt ki byen pwòp. Mare fèy yo byen sere avèk fil fèy bannann oswa fil kòs bwa. Pandan w ap fè sa, fè atansyon w pa jete dlo anndan kabare a.
5. Mete yon ti dife anba kaswòl la epi kite l bouyi pandan 1 èdtan.
6. Jete premye kouch fèy bannann yo. Ou ka itilize youn nan kouch nan mitan yo pou w depoze enstriman yo.



Itilize pwodui chimik

Gen moun ki itilize pwodui chimik pou esterilize zouti ak ekipman ki fèt an metal, an kawoutchou, oswa an plastik. Nou pa rekòmande pou moun esterilize ak pwodui chimik.

Pifò pwodui chimik moun itilize pou esterilize zouti gen pwazon ladan yo. Yo anpwazone ni tè a ni dlo lè yo jete yo apre. Yo se pwazon pou moun k ap travay nan faktori ki prepare yo, e yo se pwazon pou moun ki itilize yo pou lave zouti.



Sepandan, gen zouti se sèlman pwodui chimik ki ka esterilize yo. Tèmomèt ak kèk kalite gan pa ka ni pase nan fou, ni bouyi, ni yo pa ka pran vapè.

Si w oblige itilize pwodui chimik:

- Fè melanj klowòks ki nan paj 57 la.

Oswa, Si w pa gen klowòks, sèvi avèk youn nan pwodui chimik sa yo:

- Etanol (alkòl medikal) 70%
- Alkòl izopwopol 70%
- Pewoksid idwojèn 6%

Oswa, Si w pa ka jwenn okenn nan pwodui chimik sa yo, ou mèt sèvi avèk:

- Bwason alkòl ki byen fò tankou “rhum”, “whisky”, oswa lòt bwason w ka jwenn nan zòn nan.


Asire w tout zouti w yo byen pwòp anvan w esterilize yo avèk pwodui chimik. Menm yon ti kras san oubyen lòt likid ki rete sou zouti a ka anpeche pwodui chimik la gen efè. Pa sèvi ak pwodui chimik pou esterilize zouti ki prale anndan matris la.

Tranpe zouti a nan klowòks oubyen lòt pwodui chimik dezenfektan pandan omwen 20 minit.

Oswa

Tranpe l nan bwason alkòl ki fò pandan tout yon jounen.

Apre li fin tranpe, vide pwodui chimik la epi kite zouti yo pou yo sèch.




ATANSYON! Nou kwè gloutaraldeyid ak fòmaldeyid (“glutaraldehydes” ak “formaldehyde”, ann anglè) se pwodui chimik moun pa dwe janm sèvi avè yo paske yo twò danjere. Anpil dispansè ak lopital sèvi avèk yo pou esterilize, men yo toksik anpil. Pa egzanp, fòmaldeyid konn lakoz kansè. Chèche yon lòt mwayen pou w esterilize.

Si w itilize pwodui chimik, pa kite yo touche ak po w, epi mete gan pandan w ap itilize yo. Pran anpil prekosyon lè w ap jete yo. Ou ka oblige jete klowòks oswa lòt pwodui nan yon latrin pou w ka sèten timoun oubyen bet pap bwè yo.

Kote pou w sere zouti ak ekipman

Gen akouchman kote w ap gen kont tan w pou w esterilize zouti ak ekipman w yo lakay manman an. Men, gen lòt akouchman kote w pap gen tan. Se poutèt sa, fè efò pou w esterilize zouti w yo ak ekipman w yo lakay ou, epi mete yo nan yon vesò ki esterilize ansanm avèk lòt materyèl akouchman w yo. Li pi bon pou w mete yo nan yon bwat metalik oswa bonm ki gen yon bouchon byen sere. Itilize nenpòt nan metòd nou sot pale yo pou w ka esterilize yon vesò ak zouti w pral itilize pou w kenbe e deplase zouti w yo. Pa touche anndan vesò a.



Si w pa ka jwenn yon vesò konsa, vlope zouti ak ekipman yo nan 4 kouch twal oswa papye pwès anvan w esterilize yo. Apre sa, kenbe zouti esterilize yo double jiskaske w pral sèvi avè yo. (Ou ka itilize twal oswa papye pwès pou double zouti sèlman si w ap esterilize yo nan fou.)

Sonje sa: mikwòb renmen imidite, e y ap tounen ankò si w sere zouti yo tou mouye. Men, si w pral itilize zouti yo tousuit, se pa yon pwoblèm si w fè sa pandan yo tou mouye. Mikwòb pran tan pou yo develope.

EKIPMAN KI BEZWEN SWEN ESPESYAL

Pake esterilize

Twal gaz, konprès, gan, ak kèk lòt ekipman konn vini nan pake esterilize. Piske anndan pake a esterilize tou, ou mèt sèvi ak ekipman an san pwoblèm kou w fin retire l nan pake a. Men, sonje sa: depi w fin retire yon bagay nan pake esterilize a epi w sèvi avè l, oswa si pake a mouye, oswa si l gen twou, ekipman an pa esterilize ankò.

Nòmalman, bagay ki vini nan pake esterilize fèt pou sèvi yon sèl fwa, apre sa pou w voye l jete. Men, gen kèk nan bagay sa yo ki ka sèvi ankò si yo lave byen pwòp epi yo esterilize chak fwa w pral sèvi avè yo. Ou ka bouyi gan oubyen pase yo nan vapè. Twal gaz ak konprès ka lave epi bouyi oswa pase nan fou.

Tèmomèt

Lave tèmomèt la avèk savon epi rense l nan dlo fre ki pwòp anvan epi apre w sèvi avè l. Pa itilize dlo cho paske sa ka kraze tèmomèt la.


Apre w fin lave l, li pi bon pou w mete tèmomèt la tranpe nan alkòl pandan 20 minit. Ou ka sèvi avèk etil, izopwopil, oswa etanòl (alkòl medikal). Pa itilize alkòl la yon dezyèm fwa. Rense tèmomèt la avèk dlo pwòp anvan w itilize l ankò.

Jilèt

Souvan, jilèt ki fèt pou koupe kòd lonbrik vini nan yon pake ki esterilize. Pou pake a ka rete esterilize, double l nan twal oubyen papye ki pwòp, oswa mete l nan yon bwat ki pwòp. Si pake a mouye oswa li sal, ou pap ka ititlize jilèt la san danje ankò sof si w esterilize l ankò.




Fè efò pou w pa itilize jilèt yon dezyèm fwa, men si w oblige fè sa, ou dwe esterilize l anvan. Ou ka itilize nenpòt nan metod yo pou w esterilize yon jilèt.



Gan

Pifò gan plastik ka bouyi oswa pase nan vapè, men gen ladan yo k ap depafini nan dlo a. Chèche gan ki djanm ki ka bouyi epi ki ka itilize plizyè fwa.



Touche sèlman
anndan gan yo

Anvan w bouyi gan yo oubyen pase yo nan vapè, vire pwayè a lanvè. Apre w fin esterilize yon gan, se pati anndan gan an pou w manyen. Si w manyen deyò gan an, li pap esterilize ankò.

Si gan w genyen yo pa ka bouyi, lave yo ak anpil prekosyon epi tranpe yo nan klowòks oswa nan alkòl medikal. Apre sa, rense yo nan dlo pwòp anvan w itlize yo ankò.

Tib ak sereng pou rale glè

Lè w lave yon tib/sereng ki sèvi pou rale glè, asire w ou plen l ak dlo savon epi prije l pou dlo a soti. Fè sa plizyè fwa. Apre sa, rense l byen.



Si w ap bouyi tib/sereng pou rale glè a pou w esterilize l, asire w dlo a antre anndan tib la depi anvan li komanse bouyi epi prije l pou dlo a soti.

Zegui

Gen anpil moun ki pran maladi grav tankou epatit oswa VIH/SIDA paske yo sèvi ak zegui ki pa esterilize.

Sereng ki ka resèvi ak sereng ki pa ka resèvi

Gen sereng ki fèt pou resèvi plizyè e plizyè fwa. Sereng sa yo lakòz mwens dechè epi yo pèmèt nou depanse mwens lajan, men yo dwe lave ak anpil prekosyon epi yo dwe esterilize apre yo fin sèvi.

Gen lòt sereng ki fèt pou w jete l apre w fin itilize l yon sèl fwa. Gen nan sereng sa yo ki ka demonte, bouyi oswa pase nan vapè, epi resèvi plizyè fwa. Men nou pa rekòmande sa, paske sereng ki pa esterilize byen ka simaye maladi.

Pa janm resèvi ak yon zegui oswa ak yon sereng san w pa lave epi esterilize l anvan!

Ki jan pou lave epi esterilize sereng ak zegui ki pral resèvi

1. Mete yon gan pwès pou w ka pwoteje tèt ou kont mikwòb.
2. Rale melanj klowòks 5% (gade paj 57) ak zegui a pou l antre nan tib sereng nan.
3. Pouse melanj klowòks la soti nan zegui a.
4. Refè sa plizyè fwa. Rense tout bagay plizyè fwa avèk dlo pwòp.
5. Demonte sereng nan ak zegui a epi bouyi yo oswa pase yo nan vapè. (Gade paj 62.)

SONJE SA:

Si w retire yon sereng nan
dlo bouyi a...



...epi w mete l nan poch
ou...



...li pa esterilize ankò.
Okontré, li danjere!

Jete dechè ak prekosyon

Apre yon akouchman oswa yon pwosedi medikal, gen 3 kalite dechè:

Dechè imen

tankou san, poupou, oswa
plasenta

Dechè ki file

tankou zegui pou koud
oswa sereng

Lòt kalite dechè

tankou gan ki fin sèvi

Dechè sa yo gen mikwòb epi yo ka simaye enfeksyon bay ni ou menm, ni moun nan fanmi w, ni lot moun nan zòn nan.

Dechè imen

Fason ki pi senp pou w jete dechè ki soti nan kò moun se mete yo nan yon latrin oswa antere yo fon anba tè.

Gen kilti kote fanmi an antere plasenta a, pafwa ansanm ak kèk lòt bagay enpòtan. Antere plasenta a se yon koutim ki enpòtan pou anpil moun, men tou se yon fason pou pwoteje zòn nan kont mikwòb plasenta a ka fè yo.

Dechè ki file

Ou dwe mete dechè ki file nan yon vesò pou yo pa blese nenpòt moun ki ta jwenn avè yo. Vesò ki pi bon yo se sa ki fèt ak metal oswa ak plastik pwès, ki gen yon kouvèti oswa ki ka kouvri ak adezif.



Lè vesò a demi plen, ajoute klowòks si posib, apre sa fèmen 1 byen sere epi antere 1 byen fon anba tè (gade paj 68).



Fè yon bwat pou jete zegui san danje

Chèche yon bwat ki fèt an metal oswa plastik pwès. Fè yon twou ki long nan kouvèti bwat la. Fè twou a laj yon bò, epi mens lòt bò a.

Lè w fin sèvi ak yon sereng ki merite jete, mete zegui a nan bwat la epi glise l ale sou bò ki mens la.



Apre sa, rale sereng nan monte epi zegui a ap tonbe anndan bwat la. Ou ka esterlize sereng plastik la epi apre sa jete l nan yon twou ki fèt pou dechè (gade lòt detay pi ba a).



Lè bwat la demi plen, vide 5% melanj klowòks ladan l, fèmen l byen sere, epi antere l byen fon anba tè.

Lòt kalite dechè

Lòt kalite dechè tankou gan plastik, tib sereng, oswa twal ki gen san dwe esterlize epi antere byen fon anba tè. Y ap esterlize si w tranpe yo nan klowòks pandan 20 minit.



ATANSYON! Pa boule ni gan plastik, ni sereng, ni okenn lòt kalite plastik. Boule dechè plastik danjere. Lè plastik boule, li fè lafimen ak sann ki se gwo pwazon.


ANTERE DECHÈ

Chèche yon kote ki lwen kote moun pran dlo oubyen kote timoun jwe. Fouye yon twou ki apwopriye pou antere dechè.




Twou ki apwopriye pou antere dechè

1. Fouye yon twou ki ant 1 a 2 mèt lajè, epi ant 2 a 5 mèt pwofondè. Fon twou a dwe omwen 1 mèt pi wo pase nivo dlo ki anba tè a.
2. Anndan twou a, kouvri bò yo avèk yon kouch ajil oubyen wòch ki gen omwen 10 santimèt epesè.
3. Fè yon bit tè toutotou bouch twou a pou dlo pa koule ladan 1.
4. Fè yon kloti toutotou kote w fouye twou a pou anpeche bêt antre anndan 1.



Chak fwa w mete dechè nan twou a, kouvri dechè a avèk 10 santimèt tè, oswa yon melanj tè ak lacho. Lacho a kontribye nan dezenfekte tè a, epi l dekoraje bêt vin ladan 1 pandan w poko fin kouvri 1.

Lè dechè a monte rive 0.5 mèt anba bouch twou a, kouvri 1 avèk tè epi koule yon beton sou li ki omwen 90 santimèt. Si twou a sèvi sèlman pou jete dechè medikal, san w pa mete lòt kalite fatra ladan 1, li pap plen twò vit.



Kote lameri konn jete fatra

Lè yo jete dechè medikal kote lameri konn jete fatra a, sa ka simaye enfeksyon nan zòn nan. Gen anpil kote moun fouye fatra pou yo chèche bagay pou vann, tankou sereng ki fin sèvi deja. Sa danjere, ni pou moun k ap ranmase bagay nan fatra, ni pou moun k ap achte sereng pou resèvi.

Lè sereng yo pa ka itilize ankò, jete yo ak anpil prekosyon. Si w oblige jete sereng kote lameri konn jete fatra a, esterilize yo anvan, epi fèmen yo byen sere nan yon bwat.